



KONNEN DWA OU NAN MACHIN OU

Tout moun ki nan Etazini, *ki gen ladan imigran san papye*, gen dwa ak pwoteksyon Konstitisyonèl. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipoze ou vle fè valwa dwa ou yo. Se nan men ou sa pou fè sa lè ou montre kat Konnen Dwa Ou oswa lè ou di ofisyè a ou ap fè valwa dwa ou yo.

Si ou rete avèk yon machin, ou gen dwa ki pwoteje ou.

Rete machin nan le pli vit ke li posib san danje.

Apre ou sispann, etenn machin nan, limen limyè entèn lan, louvri fenèt la mwayen, epi mete men ou sou volan an.

Fò gen yon rezon pou sispann ou.

Si yon ofisyè lapolis sispann ou, yo fèt pou yo gen sisipsyon rezonab ke yon moun nan machin nan fè yon enfrakson lokal oswa eta oswa yon krim. Si yon ofisyè imigrasyon sispann ou, yo fèt pou yo gen sisipsyon rezonab ke yon moun nan machin nan fè yon enfrakson imigrasyon oswa yon krim federal. Ou ka mande:

- Èske m lib pou m ale?
- Èske ou lapolis/imigrasyon?
- Poukisa ou te sispann mwen?

Si ou ap kondwi, lè yo mande, bay lisans chofè ou, enskripsyon, ak prèv asirans, si ou genyen li.

Si ou pa gen dokiman sa yo, ou ka di ofisyè a ou pa gen yo oswa ke ou ap fè valwa dwa ou pou rete an silans. Nan kèk eta, si ou ap kondwi san yon lisans, sa se yon ofans ki ka mennen arrestasyon, kidonk refize bay yon lisans chofè ka lakòz arrestasyon. Ofisyè a ka mande lòt pèmisyon idantifikasiyon, e ou ka refize bay li.*

Pasaje yo pa bezwen bay idantifikasiyon.

An jeneral, si yon ofisyè mande yon pasaje pou idantifikasiyon, yo pa bezwen bay li.*

An jeneral, ou pa bezwen bay lòt idantifikasiyon.

Si lapolis lokal oswa letsippan ou, ou ka chwazi pou bay prèv estati imigrasyon legal ou, si ou gen prèv sa a. Si yon ofisyè imigrasyon sispann ou, ou dwe bay prèv estati legal si ou gen estati ak si ou pa yon sitwayen Ameriken. Si ou pa gen estati legal, ou pa dwe bay idantifikasiyon etranje.

Si ofisyè a di yo gen yon manda, mande idantifikasiyon epi revize manda a.

Manda rechèch: Ofisyè yo ka fouye machin ou si (1) ou bay konsantman, (2) yo gen yon manda rechèch ki presize machin egzak pou fè rechèch la e manda a siyen pa yon jij (pa yon ofisyè imigrasyon), oswa (3) yo kwè machin ou genyen prèv yon krim.

Manda arrestasyon: Si yon ofisyè ICE gen yon manda arrestasyon, yo ka arete moun ki nonmen sou manda a. Yon manda arrestasyon pa bay ICE pèmisyon pou yo fouye machin ou.

Ou gen dwa pou rete an silans.

Ou ka fè valwa dwa ou pou rete an silans lè ou montre kat Konnen Dwa Ou ou oswa di ofisyè a ou ap fè valwa dwa ou pou rete an silans. Si ou dwe pale, di ou ta renmen pale ak yon avoka anvan ou reponn kesyon.

- Bay sèlman idantifikasiyon ou lè lwa a mande ou fè sa.*
- Pa di ofisyè a ki nasyonalite ou ye.
- Pa reponn kesyon.
- Pa siyen papye.
- Pa pote fo dokiman.
- Pa entèfere fizikman ak rechèch la.

*Pale ak yon avoka lokal sou si wi ou non ak kilè ou dwe prezante idantifikasiyon. Pa egzanp, nan piò eta, ou dwe montre yon lisans chofè si ou gen youn ak si yo sispann ou; ou dwe tou montre idantifikasiyon imigrasyon ou a yon ofisyè imigrasyon ki mande li si ou gen estati legal ak pa yon sitwayen Ameriken.